

Kòman Antrepriz yo Detèminen si yon Travayè se yon Anplwaye oswa yon Kontraktè Endepandan



Degre kontwòl ak endepandans travayè yo tonbe nan twa (3) gwo kategori; epi yo dwe konsidere chak kategori sa yo pou detèminen si yon travayè se yon anplwaye oswa yon kontraktè endepandan.

Kontwòl Konpòtman (an Anglè)

Èske antrepriz la kontwòle oswa gen dwa pou li kontwòle fason travayè a fè travay li?

Faktè pou konsidere yo se:

- › Kalite enstriksyon yo bay
- › Degre enstriksyon
- › Sistèm evalyasyon yo
- › Fòmasyon

Kontwòl Finansye (an Anglè)

Èske antrepriz la gen dwa pou li kontwòle aspè ekonomik travay travayè a?

Faktè pou konsidere yo se:

- › Envestisman enpòtan
- › Depans ki pa ranbouse
- › Opòtinite pou pwofi oswa pèt
- › Sèvis ki disponib pou mache a
- › Metòd peman

Relasyon (an Anglè)

Kòman travayè a ak antrepriz la konsidere relasyon yo youn ak lòt?

Faktè pou konsidere yo se:

- › Kontra ekri yo
- › Avantaj anplwaye yo
- › Pèmanans relasyon an
- › Sèvis yo founi kòm aktivite kle antrepriz la

Fòm SS-8 (an Anglè) kapab ede anplwayè yo detèminen estati travayè yo.

Aprann plis apwopo fason antrepriz yo klasifye travayè yo ak kontraktè yo ak sou sijè ki konèks.